Reflechi sou règ yo

Sèvi ak fich aktivite sa a pou w reflechi ak yon règ ou twouve ki twò lou pou ou.
Ou ka sèvi ak fich la kòm baz pou w pale ak paran w tou.

- Poukisa w pa renmen règ sa a?

- Èske pa gen anyen nan règ sa a ou *kapab* aksepte?

- Dapre ou menm, poukisa paran w vin ak règ sa a?

- Dapre ou menm, èske gen yon bagay paran w pa t pran an konsiderasyon lè yo t ap bay règ sa a? Si se wi, ki sa l ye?

www.jw.org © 2016 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania

Ki sa w ta renmen yo chanje nan règ la?

_____

_____

_____

Si w ta mande paran w chanje règ la, ki jan w panse yo t ap reyaji?

Ki sa k fè w panse yo t ap reyaji konsa?

_____

_____

_____

Ki enkyetid ou panse paran w genyen ki fè yo t ap reyaji konsa?

_____

_____

_____

Menmsi sa pran tan, ki jan w ka re-jwenn konfyans yo ankò? (Yon ti poul: Aksyon gen plis fòs pase pawòl.)

_____

_____

_____

Si w ta paran yon adolesan, ou t ap bay yon règ konsa? Si se wi, ki règ, e poukisa w t ap bay li?

_____

_____

_____

www.jw.org © 2016 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania

JIS NAN KI PWEN YO FÈ W KONFYANS?

Fò w travay pou yo fè w konfyans. Site kèk bagay ou fè ki ka fè paran w vin gen *mwens* konfyans nan ou.

Site kèk bagay ou fè pou paran w vin gen *plis* konfyans nan ou.

www.jw.org © 2016 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania

Èske w travay pou paran w fè w ase konfyans pou w pale avèk yo sou sijè sa a kounye a, oswa èske w ta dwe tann toujou?

Si w panse l pi bon pou w ret tann, ki sa w ka fè antretan pou yo vin fè w plis konfyans annapre?

YON KONSÈY: Fè paran w wè fich aktivite w fin ranpli a epi sèvi avè l pou w pale ak yo.

Lè w ap *pale* ak paran w, sonje pawòl sa yo ki nan Bib la: “Yon repons ki dous kalme kòlè, men, yon pawòl ki rèd fè moun an kòlè.” — Pwovèb 15:1.

ÈSKE W TE KONNEN? Prensip ki gen nan fich aktivite sa a ka ede w tou si w ta gen pou w pale ak patwon w konsènan règ li fik-se nan travay la.

“Lè w obeyi règ paran w bay yo se tankou lè w peye labank yon kòb ou dwe l: si w toujou peye alè, se plis bank lan ap fè w konfyans (oswa kredi).” — Dapre liv *Les jeunes s’interro-gent. Réponses pratiques* (volim 2) a.

www.jw.org © 2016 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania